

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa Sunda minangka basa daérah anu mangrupa kabeungharan budaya anu kudu dimumulé sarta dipaké ku masarakat. Cék paribasa gé basa téh cicirén bangsa, leungit basana ilang bangsana. Hiji basa bakal leungit nalika masarakatna geus teu maké deui basana. Ku kituna, éta bangsa geus leungit cirina. Ari sababna, hiji basa lahir dibarengan ku lahir masarakatna.

Basa diperlukeun pikeun komunikasi jeung papada jalma dina hirup kumbuh di masarakat. Ku ayana basa, panyatur bisa nepikeun hiji informasi ka pamiarsa dumasar kana kabutuhna. Aya hiji kabiasaan urang Sunda anu sok ngabalibirkeun maksud tina omongan anu sabenerna pikeun nepikeun omongan anu sipat jeung hartina sarua tina éta omongan atawa maksud anu dituju. Omongan anu dibalibirkeun, di antarana aya pakeman basa. Ngaliwatan pakeman basa, hususna paribasa jeung babasan bisa jadi alternatif pikeun milah-milah basa nu merenah sangkan teu togmol teuing.

Wujud tina pakeman basa téh nyaéta (1) kekecapan, (2) babasan, (3) paribasa, (4) kecap kiasan, (5) rakitan lantip, (6) cacandran, (7) uga, (8) candrasangkala, (9) caturangga, (10) repok, (11) wirasat kayaning wanci karang, lemah piimaheun, jeung, (12) pranata mangsa (Sudaryat, 2016, kc. 14). Pakeman basa anu mindeng kapanggih dina kahirupan sapopoé boh dina basa lisan boh dina basa tulisan nyaéta babasan jeung paribasa. Pakeman basa ogé umumna dipaké ku saréréa pikeun nyinggetkeun omongan atawa carita anu panjang maksudna, jeung disusun ku kalimah anu geus matok sarta ngandung pituah. Saperti anu ditétélakeun ku Sudaryat (2010, kc. 90) yén pakeman basa téh mangrupa wangunan basa anu has tur mandiri, sarta harti anu dikandungna teu bisa dihartikeun sajalantrahna nurutkeun harti tata basa atawa harti nu dikandung ku unsur-unsur pangwangunna. Pakeman basa biasa ogé disebut idiom. Harti dina pakeman basa atawa idiom disebutna harti idiomatis. Sedengkeun élmu nu ngulik

ngeunaan idiom disebut idiomatik.

Dina nyarita maké basa Sunda, ilaharna masarakat sok kabeungkeut ku adat kabiasaan urang Sunda anu sok nyarita ngagunakeun kekecapan séjén anu miboga harti injeuman atawa kiasan. Éta hal didasaran ku ayana gaya basa nu diwangun ku ngabandingkeun hiji hal jeung hal nu séjénna. Dina ngabandingkeun hiji hal jeung hal nu séjénna hartina nunjukkeun sasaruana antara hiji omongan jeung omongan séjénna. Kontéks interaksi samodél kitu lumangsung sangkan dina nyarita teu togmol teuing nalika ngomong hal-hal anu matak pikatugenaheun haté pamiarsa. Saluyu jeung éta hal, ku ayana kecap atawa omongan nu disamunikeun atawa dibalbirkeun miboga sipat anu sarua pikeun ngumpamakeun atawa ngabandingkeun gelar anu ngaranna gaya basa.

Salian ti éta gaya basa raket patalina jeung kaayaan kajiwaan nu nyarita. Ari sababna, nu nyarita téh kapangaruhan ku aspék-aspék psikis. Tujuanna teu lian ngarah écés tur teleb karasana, jeung teu matak nyinggung kana haté batur.

Dina enas-enasna pakeman basa jeung gaya basa diajarkeun ogé di sakola pikeun nambahan kandaga kecap siswa. Kabeungharan kandaga kecap hiji jalma, ngagambarkeun tingkat pangaweruhna. Beuki loba kandaga kecapna, beuki mahér ogé dina ngagunakeun basana. Ku kituna, pakeman basa jeung gaya basa dijadikeun bahan pangajaran di sakola pikeun nambahan pangaweruh kandaga kecap siswa sangkan siswa beuki mahér dina maké basa Sunda. Saperti anu ditétélakeun ku Haerudin jeung Kardana (2013, kc. 111) yén pangajaran kandaga kecap aya dina papayung pangajaran kamahéran basa; dina topik pangajaran maca, nyarita, jeung nulis. Ari bahan ajarna sorangan mangrupa salahsahiji komponén anu ngarojong kana prosés ngahontalna tujuan pangajaran.

Bahan pangajaran pakeman basa téh aya dina KIKD mata pangajaran basa jeung sastra sunda kelas XI, nyaéta pakeman basa dina deskripsi budaya. Pakeman basa téh tangtu baé kapanggih ogé dina wacana séjén saperti karya sastra, utamana dina prosa novél *Laleur Bodas* karya Samsu. Pakeman basa dina ieu panalungtikan diulik dina jihat gaya basa (stilistik).

Panalungtikan ngeunaan pakeman basa téh kungsi dilakukeun, nyaéta “Babasan jeung Paribasa dina Kumpulan Carpon Kanyaah Kolot Karanganyarna

Anisya Harti Nurdewi, 2017

**ULIKAN STILISTIK KANA PAKEMAN BASA DINA NOVÉL LALEUR BODAS KARANGAN SAMSU  
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Yudibrata” (Siswandi, 2005), “Gaya Basa Métafora dina Babasan jeung Paribasa Basa Sunda (Tilikan Stilistika jeung Semantik)” (Anita Nurul Fauziah, 2014

Anisya Harti Nurdewi, 2017

*ULIKAN STILISTIK KANA PAKEMAN BASA DINA NOVÉL LALEUR BODAS KARANGAN SAMSU PIKEUN BAHAN PANGAJARAN DI SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

“Pakeman Basa Dina Novél *Pangéran Kornél* karya R. Méméd Sastrahadiprawira pikeun Alternatif Bahan Pangajaran di SMA” (Nu Aisyah Suwanda, 2016); “Gaya Basa Ngumpamakeun dina Babasan jeung Paribasa Sunda (Tilikan Stilistik jeung Semantik)” (Novi Nurul Khotimah, 2016). Dina éta panalungtikan téh medar ngeunaan pakeman basa dina karya sastra Sunda. Panalungtikan kahiji medar ngeunaan babasan jeung paribasa dina kumpulan carpon. Panalungtikan anu kadua medar ngeunaan gaya basa métafora dina babasan jeung paribasa Sunda. Panalungtikan anu katilu medar ngeunaan sakabéh wanda pakeman basa dina novél. Ari panalungtikan kaopat medar ngeunaan gaya basa. Najan ieu panalungtikan téh aya sasaranana nyaéta ngeunaan pakeman basa jeung gaya basa tapi aya ogé bédana. Ieu panalungtikan téh medar gaya basa dina pakeman basa tina novél *Laleur Bodas* anu satuluyna disusun jadi alternatif bahan pangajaran di sakola.

Dumasar kana katerangan di luhur, panalungtikan gaya basa dina pakeman basa masih perlu dilakukeun. Ku kituna ieu panalungtikan anu judulna “Ulikan Stilistik kana Pakeman Basa dina Novél *Laleur Bodas* Karya Samsu pikeun Bahan Pangajaran di SMA” dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus dipedar di luhur, masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun saperti ieu di handap.

- a. Kumaha wanda pakeman basa anu aya dina novel *Laleur Bodas* karya Samsu?
- b. Kumaha gaya basa anu dipaké dina pakeman basa nu aya dina novel *Laleur Bodas* karya Samsu téh?
- c. Kumaha larapna pakeman basa jeung gaya basa dina novel *Laleur Bodas* karya Samsu téh pikeun pangajaran di SMA?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan umum nyaéta pikeun ngulik jeung medar gaya basa dina pakeman basa nu kapanggih tina novél *Laleur Bodas* karya Samsu sarta jadi bahan ajar di SMA.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Salian ti tujuan umum, ieu panalungtikan ogé miboga tujuan husus nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun:

- a. wanda pakeman basa anu aya dina novél *Laleur Bodas*;
- b. gaya basa anu dipaké dina pakeman basa anu aya dina novél *Laleur Bodas*; jeung
- c. larapna pakeman basa jeung gaya basa dina novel *Laleur Bodas*.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh miboga dua mangpaat nyaéta mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis.

#### 1.4.1 Mangpaat Teoritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa dipaké pikeun mekarkeun élmu pangaweruh semantik, idiomatik jeung pedagogik. Mangpaat pikeun élmu semantik lantaran eusina medar ngeunaan harti pakeman basa. Mangpaat pikeun élmu idiomatik lantaran ieu panalungtikan eusina medar ngeunaan pakeman basa. Mangpaat pikeun élmu pedagogik lantaran medar bahan ajar pakeman basa di SMA.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan di antarana waé nyaéta:

- a. Pikeun guru, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa nambahan sumber bahan ajar di sakola hususna ngeunaan pakeman basa jeung gaya basa.
- b. Pikeun siswa, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa nambaahan kaweruh siswa ngeunaan kamekaran basa jeung budaya Sunda hususna dina pakeman basa jeung gaya basa.

- c. Pikeun nu maca, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan pakeman basa jeung gaya basa sarta jadi salahsahiji

- d. référénsi pikeun panalungtikan satuluyna nu aya patalina jeung pakeman basa sarta gaya basa.
- e. Pikeun nu nulis, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina widang paélmuanana.

### 1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan téh dipidangkeun dina lima bab anu eusina ngadadarkeun, sapeti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan husus jeung tujuan umum, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngeunaan ulikan teori anu ngabahas ngeunaan pakeman basa, stilistika, gaya basa, jeung bahan pangajaran. Pedaran séjéna nyaéta panalungtikan anu saméméhna, kalungguhan tiori anu jadi dadasar dina ieu panalungtikan, sarta raraga mikir anu jadi konsep dina ieu panalungtikan.

Bab III Métoeu Panalungtikan, eusina désain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran Panalungtikan, eusina ngeunaan hasil jeung pedaran tina panalungtikan, mangrupa jawaban-jawaban nu aya dina rumusan masalah, nyaéta ngeunaan wanda pakeman basa nu kapanggih dina novél *Laleur Bodas* karya Samsu, gaya basa dina pakeman basa anu aya dina novél *Laleur Bodas* karya Samsu, jeung larapna pakeman basa dina novél *Laleur Bodas* karya Samsu.

Bab V Kacindekan jeung Saran, eusina ngeunaan kacindekan jeung saran nu eusina mangrupa inti sari tina hasil panalungtikan sarta saran anu ditepikeun ku nu nulis ka nu maca.